

Vyolans nan Kay



Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.



Vyolans nan Kay

- Ou pa dwe janm santi ou menase, kraponnen oswa pè nan relasyon w. Si ou konsa, sa se vyolans nan kay.
- Vyolans nan kay se abi, oswa menas abi, yon patnè kounye a oswa ansyen patnè fè sou ou. Sa ka rive nenpòt moun, men kèk moun – ki gen ladan imigran, moun ki gen andikap ak moun ki idantifye kòm LGBTQ – ka gen plis chans pou yo sibi li.
- Yo rele vyolans nan kay tou vyolans konjigal. Kèlkeswa jan ou rele li, li pa NÒMAL.



An 2016, prèske **500,000 Nouyòkè** (ki gen laj 18 ane ak pi plis) rapòte yon patnè te blese yo deja fizikman a yon sèten moman.

Siy Abi

Abi a kapab fizik, seksyèl, mantal, finansye oswa emosyonèl. Yon patnè ki fè abi sou ou ka:



- Ba w vye non ak joure w
- Izole w de fanmi w ak zanmi w
- Anpeche w itilize planin oswa kapòt
- Fòse ou fè sèks
- Menase ou menm, timoun ou yo ak/oswa bèt nan kay ou yo

Sa yo se jis kèk egzanp. Si w ap viv nenpòt nan yo, oswa ou konnen yon moun ki nan sitiyasyon an, gen èd ki disponib.

Yon patnè abizif ka montre ou lanmou ak swen tou. Menmsi patnè w pa abizif toutan, nenpòt ki kantite abi danjere.

Vyolans nan Kay ak Sante Ou

Vyolans nan kay afekte sante fizik ak sante mantal ou, ak byennèt moun ki bò kote ou yo.

Sa ka fè li pi difisil pou ou pran swen tèt ou, epi ou ka pa ale wè yon doktè regilyèman pou fè tès enpòtan yo oswa pou vaksinasyon.

Ou ka sibi tou:



Blesi fizik, tankou zo kase, chòk nan tèt, ematom ak po ki fann



Detrès emosyonèl, tankou depresyon, enkyetid epi ou pa ka dòmi



Move rezilta gwosès ak enfeksyon moun pran nan fè sèks

Li enpòtan pou w jwenn èd dèke ou kapab.

Chèche Èd

Ou pa poukont ou. Sa ta ka difisil, men gen anpil resous ki disponib si ou nan yon sityasyon kote y ap fè abi sou ou.

Si ou an danje touswit, rele 911. Si ou pa an danje touswit:



Vizite **NYC Hope** (Pwojè Èd Vil New York pou Vyolans nan Kay) nan nyc.gov/nychope pou w jwenn resous itil, ansanm ak yon lis **NYC Family Justice Centers** (Sant Jistis Familyal Vil New York) yo – gen yon sant nan chak minisipalite.



Rele **Liy dirèk Vil la pou Vyolans nan Kay** nan 800-621-4673, oswa rele 311 epi mande liy dirèk la. Gen èd ki disponib nan plizyè lang, 24 èdtan pa jou, pou ba w èd pou:

- Lojman tanporè
- Planifye sekirite w
- Konsèy ak lòt sèvis sosyal
- Yon lòd tribinal pou pwoteksyon



Fè yon lis moun ou fè konfyans ou kapab rele sizoka gen yon ijans.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale nan **nyc.gov/health** epi chèche
domestic violence (vyolans nan kay)

Jwenn Èd

Vizite **NYC Hope** nan **nyc.gov/nychope**

Resewwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay
healthbulletins@health.nyc.gov

**Konnen patnè yo kapab swiv istwa w sou entènèt. Si w bezwen èd, rele
Liy dirèk Vil la pou Vyolans nan Kay nan 800-621-4673, oswa rele 311
epi mande liy dirèk la.**



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resewwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.